Konte Ofisyèl Palm Beach

Gid Planifikasyon Siklòn

Sant Enfòmasyon Ijans | PH: 561.712.6400

Fè yon Plan

Kreye yon Twous

Enfòme ou

Enplike Ou!

ReadyPBC.com

Endèks

ANVAN SIKLòN LA

Konprann Siklòn la 3
Preparasyon Siklòn se pandan tout ane an 4
Konsèy pou Granmoun Aje yo 5
Bezwen Espesyal Rezidan yo 6
Pwogram Asistans Sèvis Transpò 7
Plan Sekirite Bèt Domestik 8
Kay Evakyasyon Obligatwa 9
Evakye osinon Rete? 10
Evakye nan yon Abri Pwovizwa 11
Kisa pou Pote nan yon Abri Pwovizwa 12
Prepare Kay Ou oswa biznis ou 13
Pwoteje Bato Ou 14
Chanm Sekirite/Preparasyon Lakou 15
Yon Fwa yo Nonmen Siklòn la 16
Fenèt pou Siklòn 17
Pandan yon Obsèvasyon 18

PANDAN YON AVETISMAN | RIVE SOU KOT LA 19

APRE SIKLON LA 20

Lis Verifikasyon re-antre 21
Sekirite Dèlko 22
Reparasyon Kay Domaje Ou an 23
Netwayaj Lakou an 24

ENFÒMASYON JENERAL

Nimewo Telefòn Enpòtan yo/Sit Entènèt yo 25
Alèt Ijans /Lyen Medya Sosyal 26
Kesyon yo Poze Souvan yo 27
Lejann sou Siklòn 28
Lis Acha Pwovizyon Ijans A 29
Lis Acha Pwovizyon Ijans B 30
Tablo Swivi Siklòn yo ki nan Atlantik lan 31
Abri Pwovizwa / Kat Zòn Evakyasyon yo 32

1
FÈ YON PLAN
Avèk Fanmi ou
Pare Palm Beach County
www.readypbc.org

2
KREYE YON TWOUS
Pou Manm Fanmi Ou
Pare Palm Beach County
readypbc.com

3
ENFÒME OU
Volontè
Pare Palm Beach County
readypbc.com

4
ENPLIKE OU!
Mete Dènye Enfòmasyon Kritik yo a la Pòte w
Telechaje aplikasyon
GRATIS nou an: PBCDART

Konte Palm Beach
Konsèy Komisyonè Konte yo

Serkirite Piblik – Jesyon Ijans
20 S Military Trail, West Palm Beach FL
33415 – Telephone: (561) 712-6400

Piblikasyon sa a disponib sou demand sou yon lòt fòma. Tanpri email nou sou pbcaccessibility@pbcgov.org oswa rele 561-355-2754 pou plis asistans.



Konprann Siklòn la

Siveyans kont Avètisman

Siveyans siklòn vle di kondisyon siklòn (van k ap souvle a omwen 74 kilomèt pa èdtan) posib nan zòn lan nan lespas 48 èdtan.

Avètisman siklòn vle di kondisyon fòs siklòn (van k ap souvle a omwen 74 kilomèt alè) yo espere yo nan zòn ou an nan 36 èdtan oswa mwens.

Echèl siklònt Saffir-Simpson

Saffir-Simpson Hurricane Wind Scale

	Wind Speed	Type of Damage
1	74-95 mph 64-82 kt 119-153 km/h	Very dangerous winds will produce some damage to roofs, shingles, vinyl siding & gutters; toppling trees; damaging power lines; & likely power outages.
2	96-110 mph 83-95 kt 154-177 km/h	Extremely dangerous winds will cause extensive damage to roofs, toppled & uprooted trees, damaged power lines & likely power outages.
3	111-129 mph 96-112 kt 178-208 km/h	Devastating damage to roofs, toppled & uprooted trees, power outages & water shortages.
4	130-156 mph 113-136 kt 209-251 km/h	Catastrophic damage to roofs, exterior walls, toppled trees, downed power poles, power outages, & water shortages.
5	157 mph (or higher) 137 kt (or higher) 252 km/h (or higher)	Catastrophic damage to homes, with total roof failure & wall collapse; fallen trees downed power poles; power outages & water shortages.

Preparasyon Siklòn se pandan tout ane an

Twa (3) Mwa Avan Sezon Siklonik la

- [ ] Fè yon Plan Dezas pou Fanmi epi mete li an pratik avèk manm fanmi yo!
- [ ] Itilize **Zouti Rechèch Zòn Evakyasyon** nan **www.ReadyPBC.com** oswa verifye **Gen Konesans Kat Zòn Ou an** pou wè si ou nan zòn evakyasyon an.
- [ ] Lokalize **Abri Pwovizwa ki gen Risk yo** tou prè zòn ou an.
- [ ] Anrejistre alavans pou Bezwen Espesyal epi Refij pou Bèt Domestik si li aplikab.
- [ ] Kòmanse achte ekipman pou Twous Ijans ou an (sa kapab fèt nan yon ti kras tan, plis pase twa mwa).
  - Egzanp: Chak fwa ou ale achte nan makèt achte yon galon dlo siplemantè ak kèk manje ki p ap pouri, epi mete li nan Twous ou an. Gade paj 29-30 pou yon lis ki konplè.
- [ ] Enspekte epi antreteni/pwoteje fenèt ou yo.
- [ ] Achte fenèt pwoteksyon (fenèt pou siklòn) ak bouchon metalik pou mete sou twati avan siklòn lan rive.
- [ ] Enspekte miray yo, pòt yo, epi pwoblèm ki kapab pèmèt van an bay twati an domaj.

Yon (1) Mwa Avan Sezon Siklonik la

- [ ] Konplete ansanblay Twous Ijans ou an. Achte medikaman an dènye.
- [ ] Verifye avèk doktè/famasi ou an pou defini ki pi bon fason pou asire preskripsyon ou yo pral dire pandan moman siklòn lan.
- [ ] Si w gen nesesite pou anrejistre pou Abri Bezwen Espesyal, rantre an kontak avèk **Kowòdonatè Bezwen Espesyal** nan **561-712-6400**.
- [ ] Analize peyizaj ou an pou defini si pyebwa yo bezwen pou yo koupe oswa gazon yo dwe retire yo.
- [ ] Etabli yon nimewo kontak ak patwon ou si ou ta dwe prezante nan travay touswit aprè yon siklòn.
- [ ] Fè aranjman alavans pou bèt ou yo; swa rantre an kontak ak Swen epi Kontwòl Bèt sou abri pou bèt domestik, swa mande yon veterinè (gade paj 8 la).

Konsèy pou Granmoun aje yo

Moun ki gramoun yo, frajil, oswa andikape (swa mantal oswa fizik) kapab bezwen asistans espesyal sòti nan manm fanmi yo, zanmi yo oswa ajans sèvis sosyal yo. Twòp estrès ak enkyetid kapab kontribye pou ogmante seri maladi yo, patikilyèman pou moun ki gen maladi kè ak lòt pwoblèm yo.

Si yon moun ki granmoun ap viv nan sant retrèt, nan yon sant akèy pou moun ki granmoun (adult congregate living facility (ACLF) oswa yon pansyon, rantre an kontak avèk administratè an pou aprann sou plan evakyasyon sant lan. Si yo elijib, moun kapab enskri pou Abri Bezwen Espesyal yo, verifye paj 6 pou plis enfòmasyon.

Swen Sante Lakay ak Pasyan ki paka kite kay yo

- ☐ Avèti ajans sante ou an kote w ap ye pandan yon siklòn epi kilè swen kapab retabli.
- ☐ Si ou bezwen oksijèn, konsilte founisè ou an sou plan ijans.
- ☐ Si w ap evakye, sonje pran medikaman w yo, enstriksyon alekri konsènan swen ou, kabann ou epi aparèy pou mache ou an, chèz woulant, baton oswa nenpòt lòt ekipman espesyal.
- ☐ Si w gen nesesite pou w etène, ou dwe fè arajman yo avan avèk doktè ou.
- ☐ Detèmine si ak kilè ou ta dwe evakye. SONJE: Tout/ moun k ap viv nan kay mobil epi ki pa estanda yo dwe evakye, malgre kote li ye a.
- ☐ Deside KOUNYE A ki kote ou ta dwe ale si yo bay lòd pou evakye (yon zanmi oswa yon fanmi, yon otèl, oswa Tankou yon dènye rekou si w ap kite zòn nan. Defini wout ou epi ale pi bonè ou kapab.
- ☐ Kenbe kay ou nan bon eta.
- ☐ Jwenn asistans si nesesè.

Bezwen Espesyal Rezidan yo

Palm Beach County te tabli Pwogram Abri Pwovizwa Bezwen Espesyal pou bay sitwayen yo avèk kèk pwoblèm medikal pandan yon ijans majè. Abri Pwovizwa Bezwen Espesyal lan se yon sant avèk doktè epi enfimyè nan estaf lan. Gen alimantasyon kouran elektrik oksilyè, ki kapab resiste avèk van epi ki p ap inonde. Abri pwovizwa a se pa yon sant medikal epi ki bay sèvis limite. Abri pwovizwa pa bay medikaman, dyaliz, oksijèn oswa machin pou oksijèn yo. Yo bay manje Jeneral.

Espas nan abri sa yo limite epi baze sou nesesite ak kritè ki te tabli.

Ou *DWE* aplike alavans padan w ap ranpli fòmilè an sou entènèt nan:
http://discover.pbcgov.org/publicsafety/dem/Pages/Special-Needs.aspx
Oswa Ekri pa lapòs bay Kowòdonatè Bezwen Espesyal yo nan:
20 South Military Trail, West Palm Beach, FL 33415

Ou kapab elijib si:

- [ ] Si ou depann sou kouran elektrik pou oksijèn.
- [ ] Ou gen pwoblèm sante/medikal minè ki mande asistans pwofesyonèl.
- [ ] Ou bezwen medikaman ak/oswa siveyans siy vital, epi yo pa kapab fè sa san asistans pwofesyonèl.
- [ ] Ou pa kapab bouje epi/oswa yon maladi kronik men ki estab.
- [ ] Ou kloure nan kabann epi nesesite swen gad. Moun k ap bay swen yo dwe akonpaye pasyan yo.

Si yo aksepte ou, w ap enfòme epi y ap bay sèvis transpò pou abri yo si sa nesesè. Y ap ba w enfòmasyon anplis lè yo aksepte w nan abri pwovizwa a.

NÒT YO:

- ✔ Yo pa aksepte bèt nan Inite Swen Espesyal. Fè aranjman alavans yo pou abri pwovizwa pou bèt domestik.
- ✔ Si ou pa kapab retounen lakay ou, y ap ba w asistans.
- ✔ Yo bay manje. Tanpri fè pwòp aranjman ou pou tout bezwen alimantè espesyal yo.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Beszwen Espesyal lan, rele **561-712-6400** epi mande pou pale avèk **Kowòdonatè Bezwen Espesyal lan**.

Pwogram Asistans Sèvis Transpò

Bezwen Espesyal Rezidan yo (kontinye)

Si w andikape epi w ap viv nan yon zòn evakyasyon siklòn epi mande asistans sèvis transpò pou kapab rive jwenn yon abri pwovizwa rele Palm Tran Connection pou Pwogram Asistans Sèvis Transpò Espesyal la pandan w ap rele nan **561-649-9848** oswa **877-870-9849** (rele gratis).

Si ou pa kalifye pou Pwogram Bezwen Espesyal epi ou bezwen sèvis transpò **SÈLMAN** pou yon abri pwovizwa, konte an pral bay sèvis transpò men ou ***DWE* pre anrejistre** epi ap viv nan yon zòn evakyasyon oswa kay mobil/ki fabrike/ki pagen estanda, andikape fizikman oswa pagen lòt mwayen transpò. Rele Palm Tran Connection pou anrejistre nan **561-649-9838**.

Sekirite Bèt Domestik

Abri Risk yo pa kapab aksepte bèt domestik paske yo gen règleman sou sante ak sekirite. **Sof moun ki andikape yo k ap resevwa sèvis asistans bèt domestik la.**

Tradui >> https://translate.google.com

Plan Sekirite Bèt Domestik

- [ ] Gen yon plan pou bèt domestik ou yo si w ap evakye epi pa pran yo avèk ou. Fè yo rete avèk zanmi oswa fanmi ki p ap evakye, oswa mete yo nan yon sant lokal oswa veterinè ou an.
- [ ] Fè aranjman ak yon vwazen pou verifye epi pran swen bèt domestik ou yo si yon siklòn rive pandan ou pa la.
- [ ] Planifye alavans ak yon zanmi oswa yon fanmi andeyò zòn ki afekte an pou pwoteje bèt ou yo, si sa nesesè.
- [ ] Fè aranjman pou bèt domestik ou yo jwenn kote pou yo rete nan yon pansyon pou bèt domestik oswa rele yon ti otèl (motèl)/otèl alavans pou rezèvasyon. Pifò otèl pran bèt domestik pandan yon evakyasyon pou siklòn. Yon depo lajan nòmalman obligatwa.
- [ ] Kenbe etikèt lisans idantifikasyon ak laraj bèt domestik ou yo Rele **561-233-1271** pou mete rapò yo ajou.
- [ ] Rasire w bèt domestik ou an gen yon kolye avèk yon non pou rantre an kontak epi nimewo telefòn.

Egzijans ki gen rapò ak Abri pwovizwa Bèt Domestik

Abri pwovizwa pou Bèt Domestik nan zòn Sant Lwazi West Boynton nan 6000 Northtree Blvd., Lake Worth, FL 33463 epi li disponib sèlman pou rezidan Palm Beach County ki abite nan yon zòn evakyasyon obligatwa, nan yon kay mobil, oswa nan lojman ki pagen estanda. ***SPrèv ki montre kote ou rete ap obligatwa.***

Bèt kay yo ap rete yon kote separe de mèt yo; lòt bèt ak reptil yo pap ka aksepte. Tout fanmi ap dwe rete nan abri pou moun, tou prè Park Vista High School.

Espas yo limite, enskripsyon davans obligatwa.

Pre enskripsyon epi Swen ak Kontwòl Bèt, y ap mande li. Pou plis enfòmasyon vizite: www.pbcgov.com/animal

Evakye osinon Rete?

Kay Evakyasyon Obligatwa

Tout rezidan k ap viv nan yon **kay mobil/fabrike oswa lojman ki pa gen estanda dwe evakye** nan yon avètisman siklòn.

Lojman ki pa gen estanda: Edifis ki **PA** genyen youn nan sa yo mande la yo:

1. Otorize ak enspekte aprè 1e Mas 2002 daprè Kòd Edifis Florida, oswa;
2. Otorize ak enspekte selon kòd anvan yo, konstwi byen solid ranfòse ak mòtye; oswa konstriksyon chapant bwa ki te evalye ak adapte jan yo mande sa pou reziste kont van siklòn yo; nan nenpòt ka, estrikti sa yo dwe te ekipe tou ak pwoteksyon pou enpak sou tout ouvèti ki an vit.

> Menm van ki gen fòs siklòn twopikal yo kapab jete kalite kay sa yo. Rezidan ki nan zòn ki gen altitid ki ba ak zile ki sèvi antanke baryè yo kapab oblije evakye depann sou chemen ki prevwa pou siklòn lan ak gwo inondasyon ki pwobab. Lè yon siklòn menase pou frape, fè sa ou kapab pou mete kay ou an sekirite, aprèsa a, pran refij avèk zanmi, fanmi, oswa nan yon abri ki aplikab

Anvan ou ale, pran prekosyon sa yo

- [ ] Anbale materyèl ki kapab kraze yo nan bwat yo epi mete yo atè an.
- [ ] Retire glas epi tepe yo. Vlope glas yo ak lanp yo nan kouvèti yo epi mete yo nan benwa an oswa douch la.
- [ ] Enstale fenèt pou siklòn menm oswa koupe playoud davans nan tout fenèt yo.
- [ ] Etèn ekipman yo epi dekonekte kouran elektrik la, twou epi kote dlo pase. Fèmen bonbòn gaz pwopann yo epi kite yo deyò aprè ou fin mete yo an sekirite.
- [ ] Ranje ovan yo, mèb ki kapab pliye yo, poubèl fatra yo ak lòt objè ki deyò yo.
- [ ] Soutni kay mobil/ki fabrike an ak kòd ki anlè tèt la oswa ti pikèt an fè pou mete nan tè an.
- [ ] Enspekte kòd ki pou mare yo epi materyèl pou foure nan tè an chak ane.

Pou plis enfòmasyon vizite: **www.fema.gov/manufactured-mobile-home**.

Evakye osinon Rete?

S-I-P
SHELTER—IN—PLACE

Si w kapab rete, Abrite-An-Plas

Evakye pou kont ou gen estrès epi kapab lakòz plis pwoblèm pase byen, epi li koute chè tou. Si w ap viv nan yon kay ki gen estriti ki solid epi ki pa chita nan yon zòn evakyasyon obligatwa, Abrite-an-Plas nan yon chanm achallande ki an sekirite ke ou idantifye davans, epi pran prekosyon sa yo:

- [ ] Fini mete fenèt pou siklòn yo (pa eseye ale achte playoud nan nan pwen sa a).
- [ ] Ofri lakay ou tankou abri pwovizwa pou zanmi oswa fanmi k ap viv nan zòn ki kritik yo oswa nan kay mobil yo.
- [ ] Kite radyo osinon Televiyon sou yon estasyon k ap bay enfòmasyon ijans.
- [ ] Fè lesiv.
- [ ] Deplase machin yo mete yo nan yon garaj oswa a kote yon edifis; evite pyebwa yo epi poto eletrik yo.
- [ ] Mete po dlo fè glas epi mete glas nan yon tèmòs.
- [ ] Mete frijidè an sou konfigirasyon ki pi ba a epi bese klimatizè an (fèmen brekè kouran elektrik yo aprè yo fin pran kouran).
- [ ] Rechaje batri yo.
- [ ] Mete flash ak batri tout kote nan kay la epi kenbe yo avèk ou (PA itilize balèn).
- [ ] Mete tout pòt ak fenèt yo an sekirite.
- [ ] Verifye an defwa sal ki an sekirite an epi Twous Materyèl pou Dezas lan.

Si Ou Dwe Evakye

Pa vwayaje jiskaske ofisyèl yo di ou kapab fè sa avèk sekirite. Pa panike. Deplase nan yon rit regilye epi asire ou kite ase tan pou ou ale nan kote ou pral pare siklòn lan. PA pran chans avèk lavi ou pou rete nan kay la oswa rete tann jiskaske li twò ta!

- [ ] Enfòme moun lakay ou avèk manm fanmi ou w ap evakye.
- [ ] Ale avèk tout zafè enpòtan nou te rasanble pou nou kapab evakye (dlo, manje, lajan, medikaman avèk tout materyèl enpòtan yo/tout dokiman tankou lisans pou kondwi ou, foto idantite ou, prèv adrès, papye asirans yo, foto fanmi yo, avèk yon lis ki genyen kontak enpòtan yo).
- [ ] Ranpli machin ou epi pote gaz anplis, si sa posib (estasyon gaz yo kapap manke gaz sou wout ki genyen evakyasyon yo).
- [ ] Mete an sekirite mèb ki nan lakou.
- [ ] Mete tout pòt avèk fenèt yo an sekirite.
- [ ] Fè yon plan pou bèt domestik ou yo si ou p ap mennen yo avèk ou.
- [ ] Pèmèt omwen defwa tan abityèl vwayaj la.
- [ ] Evite wout ki inonde epi pran prekosyon avèk pon epi kanal ki plen dlo yo.
- [ ] Ale kote moun ki te genyen pou li akeyi w lakay li a oubyen Abri kont risk/Pou Bezwen Espesyal, si aplikab.
- [ ] Avèti kontak ou te prevwa pou famiy ou a lè ou rive nan kote ou an sekirite kont siklòn lan.

Evakye nan yon Abri

Gen 15 Abri Risk Evakyasyon pou Siklòn pou popilasyon jeneral nan Palm Beach County. Anplis de sa, gen Abri pou Bezwen Espesyal, avèk yon sèl Abri pou Akeyi bèt Domestik. Tout abri pou evakyasyon siklòn yo genyen konsepsyon nòm ARC 4496 ki la pou fòs siklòn, tankou fòs fenèt avèk pwoteksyon, van avèk ekspozisyon debri, avèk vag inondasyon tanpèt.

Abri sa yo yo se yon refij pou dènye rekou; yon kote pou ale si ou pa kapab rete nan kay la oswa avèk yon fanmi, zanmi, travayè oswa otèl ki tou prè. Pandan yo mete kanpe abri nan lekòl yo, tan an sou ouvèti yo avèk lokal yo ap genyen chwa ki fèt sou yo selon sikonstans siklòn la. Se pa tout abri yo ki louvri pou chak siklòn. Siveye medya lokal pou ouvèti abri aktyèl yo avèk anplasman lokal yo.

Nouvo konsiderasyon pou abri aprè moman COVID-19

- >> Distans Sosyal nan Dòtwa
- >> Kote pou Izole
- >> Modifikasyon Kantin
- >> Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl
- >> Modifikasyon enskripsyon

Abri yo bay manje senp avèk bwason; si ou genyen bezwen manje espesyal oswa vle ti goute, ou dwe pote pa ou. Abri yo bay premye èd debaz sèlman; yo pa bay kabann avèk swen medikal.

NÒT:

PA fimen, alkòl, zam, oswa bèt yo pa gen dwa nan abri kont Risk yo.

Chak moun ap gen yon chanm ki mezire **20 pye kare** ak distans sosyal. Pou aprann plis vizite:
http://pbc.gov/publicsafety/dem/Pages/Shelters.aspx

Kat Abri Pwovizwa Zòn

- ✔ Evakyasyon nan dènye paj gid sa.

Evakye nan yon abri

Si ou ale nan yon abri, men kisa pou pote:

- [ ] Twa jou rezèv dlo pou chak moun (sa vle di, twa galon pou chak moun).
- [ ] Preskripsyon avèk medikaman pou ijans; ou dwe kapab pran tout medikaman yo pou kont ou.
- [ ] Rejim alimantè espesyal (tankou, ti goute avèk ji pou moun ki pap fè rejim dyèt oswa alèji).
- [ ] Ti goute debaz.
- [ ] Materyèl kabann (tankou, zòrye, kouvèti, sak dòmi, kabann, matla ki kapab gonfle, elatriye).
- [ ] Rad konfòtab (omwen pou de chanjman).
- [ ] Manje ti bebe, fòmil, boutèy, kouchèt, kouvèti, avèk rad.
- [ ] Chèz ki kapab pliye/plaj oswa chèz kan.
- [ ] Flach, batri bon kalite.
- [ ] Telefòn selilè avèk chajè ki mache sou batri.
- [ ] Radyo ki mache avèk bon batri epi kas ekoutè.
- [ ] Dokiman enpòtan yo (idantifikasyon, dosye medikal enfòmasyon sou asirans, sètifika yo oswa kontra yo, akdenesans, avèk bòdwo sèvis piblik ki montre adrès lakay ou).
- [ ] Fotokopi dokiman ki gen anpil valè yo.
- [ ] Linèt, aparèy pou tande, pwotèz pou dan.Anteojos, audífonos, dentaduras postizas.
- [ ] Zafè pou twalèt ak atik ijyèn ki pèsonèl yo.
- [ ] Jwèt ki p ap fè bri, liv, jwèt kat, jwèt yo pi renmen, oswa lòt atik pou amizman.
- [ ] Atik espesyal pou manm nan fanmi yo ki aje oswa ki andikape.
- [ ] Chajè/kab pou nenpòt aparèy elektwonik ou pote avèk ou yo, priz elektrik yo limite.
- [ ] Mas figi, gan, likid sanitè pou men.

Telechaje | Dezas PBC Sansibilizasyon & DART zouti Rechèch

Mete nou prè!

1 Semèn Avan Sezon Siklòn lan

- [ ] Revize plan ou te fè pou fanmi ou a epi tabli yon lyen kontak ki pa nan vil ou a.
- [ ] Konfime enfòmasyon ou genyen sou abri ou a; PA rete tann jis nan dènye minit la.

1 Jen rive 30 Novanm

- [ ] Rete tann alèt radyo avèk televizyon pou resevwa dènye nouvèl sou nenpòt sistèm twopikal yo.
- [ ] Chak ane tcheke ekipman pou katastwòf ou yo pou asire ou toujou genyen atik ki apwopriye yo.

Prepare yon kay oswa biznis

Ranfòsman

- [ ] Tcheke si kolòn ki fèt avèk metal epi avèk bwa nan lakou yo genyen wouy avèk bwa pouri.
- [ ] Tcheke ankraj nan konpresè klimatizè yo pou ou kapab wè si li lache.
- [ ] Tcheke pyès mekanik pout pou beton k ap degrade avèk asye ki wouye.
- [ ] Chèche tout sa ki kapab fè ou genyen dout sou estrikti edifis ou a, tankou twou ki sou dèyè mi yo avèk fondasyon plis pase yon mwatye lajè pous.
- [ ] Ranplase pòt ki la lontan oswa andomaje pou yon modèl pi solid
- [ ] Ranplase pòt antre ki la lontan oswa andomaje pou yon modèl pi solid. Pou pòt antre ki ouvri de bò, fè si yon genyen boulon ki kapab bay bon sèvis ki enstale.
- [ ] Mare oswa atache depo avèk nan lòt ti edifis ki deyò a yon fondasyon pèmanan.
- [ ] Kenbe pwopryete ou klè san debri avèk lòt bagay van kapab bwote misil yo.
- [ ] Tcheke si goutyè pou lapli avèkdekorasyon achitekti yo pa desere
- [ ] Tcheke galataj nan yon dyaonal 2 pa 4 nan mitan fant avèk do kay yo.

Pwoteje Bato Ou

Moun ki gen bato kapab swiv etap sa yo pou yon preparasyon kont move tan.

- [ ] Chaje batri yo pou ponp Bilj otomatik yo.
- [ ] Pou yon bato ki sou yon trelè, fèmen bato a avèk trelè a nan yon zòn ki pwoteje. Kite lè soti nan kawotchou yo anvan ou mare trelè a.
- [ ] Mete blòk nan mitan manm ankadreman yo avèk aks ki andedan chak wou. Mete sekirite avèk gwo liy pou fikse bagay yo nan kat direksyon, si sa posib.
- [ ] Fè yon rive nan kote yo mare bato yo pou verifye si yo aksesib.
- [ ] Pon ki gen kòd yo pa pral louvri pou bato yo lè yo bay lòd pou yon evakyasyon.
- [ ] Kenbe nimewo anresjistreman bato w lan avèk enfòmasyon zòn li ye a avèk ou. Enfòme patwouy lokal lamarin oswa ajan polis yo sou idantifikasyon avèk zòn kote bato ki an sekirite ou a ye a.
- [ ] Verifye kontra lwaye oswa kontra pwopriete ou an avèk marina ou an. Konnen responsablite ou yo.
- [ ] Fè plan avèk yon moun pou pran swen bato ou a si ou pa nan vil la.

.

Mete sekirite nan yon bato

- [ ] Fèmen tout ouvèti pou fè bato pi rezistan posib kont dlo.
- [ ] Retire tout ekipman sou platfòm nan. Mete li an sekirite andedan oswa lakay ou.
- [ ] Redwi mak kraze oswa domaj aksidan lè w mete ansyen kawotchou yo ki sou kote bato a an sekirite.
- [ ] Mete bato a an sekirite nan tout kote yo. Sonje, yon bato kapab jwenn bon sekous lè vag mare yo leve.
- [ ] Si bato a te rete mare nan yon aparèy ki leve li an, ouvè drenaj bato a avan ou mete li an sekirite.
- [ ] Pa bloke pasaj lòt bato ki genyen kòd pou mare li yo pi lwen nan lammè a.
- [ ] Soti bonè pou mete w an sekirite nan yon pò si w chwazi pou deplase lè genyen yon avètisman siklòn ki bay.
- [ ] Pa eseye soti sof si w ekipe pou fè vwayaj long distans nan move tan.

PA JANM rete avèk bato ou a pandan siklòn lan.
Lè w ap mete bato ou an sekirite, retire dokiman bato yo, radyo ak lòt bagay ki gen valè nan batiman a anvan siklòn la.

Chanm Sekirite

Si lakay ou an sekirite, byen fèmen, epi si li kapab reziste kont yon siklòn, chèche yon "sal ki an sekirite" nan "Abrite-an-plas" kote ou ye a. Fè si yon manm fanmi oswa yon vwazen konnen w ap la. PA rete nan yon chanm ki pa genyen fenèt/pòt an vit ki bare. Chèche yon chanm andedan ki pral ede w pwoteje ou kont van siklòn la avèk nenpòt debri k ap vole. Chanm ki pa genyen fenèt yo, yon twalèt, gadmanje, kote pou fè lesiv, kaj eskalye, koulwa oswa gwo plaka ki andedan yo se bon chwa. Sal ki an sekirite yo kapab bati sou plas tou oswa konstwi epi kapab mete yo nan nouvo oswa ansyen kay ki te deja fèt.

Pou plis enfòmasyon vizite **www.flash.org** oswa **www.highwindsaferooms.org**. Fè si tout manm fanmi yo konnen kote zòn ki an sekirite yo ye nan kay ou an epi rasire w pran zouti kont katastwòf yo avèk ou nan chanm sekirite ou an.

Preparasyon Lakou

Sezon Aranjman avan Siklòn (Desanm jiska avril)

- [ ] Koupe tout pyebwa ki enpòtan/retire yo anvan premye 1ye Jen, soti Desanm jiska avril.
- [ ] Koupe tout pyebwa avèk branch fèb ki ta kapab kontre edifis yo.
- [ ] Koupe fèy ou yo pou van kapab jwenn kote pou li vante lib nan branch yo.
- [ ] Mete pyebwa ki taye yo sou twotwa a nan jou ki planifye pou ranmasaj pa w la epi swiv règleman 6/50 (sis pye nan longè ak chak mòso pa kapab depase 50 liv nan pwa).
- [ ] Mete nan yon bagay ti mòso nan vejetasyon tankou ti bran pyebwa pen, fèy, branch sèch, elatriye.
- [ ] Netwaye lakou ou pou retire nenpòt atik ki ta kapab vin yon menas nan yon siklòn.

Yon Fwa yo Nonmen Siklòn la

- ✔ Pa koupe pyebwa oswa fè gwo travay nan lakou ou.
- ✔ Pa kòmanse pwojè konstriksyon ki bay fatra.
- ✔ Lè yo bay yon alèt oswa yon avètisman, pa koupe fèy nenpòt kalite.
- ✔ Koupe pyebwa an mas bay yon gwo chay pou pwosesis nòmal ranmasaj la epi pa gen ase ekipman oswa moun pou rasanble materyèl yo anvan siklòn la rive sou kot la. Ou kapab mete tèt ou an danje, men vwazen ou yo tou.

Yon Fwa yo Nonmen Siklòn la (kontinye)

✔ Pa pote bagay ale bò twotwa, nan estasyon transfè yo oswa zòn yo mete debri pandan peryòd vèy oswa avètisman. Sèvis yo kapab kanpe epi enstitisyon yo kapab fèmen bonè pou yo prepare yo pou siklòn lan.

Pou plis enfòmasyon, rantre an kontak **Sèvis Kliyantèl Otorite Dechè Solid (SWA, Solid Waste Authority)** nan **561-697-2700** oswa **1-866-792-4636** (gratis) oswa vizite **www.swa.org/Hurricane** pou dènye nouvèl sou sèvis ranmasaj ou yo.

Lis Bagay ou Bezwen Fè

- ☐ Fè yon plan pou fanmi. Ki moun ki fè kisa epi ki kote fanmi ou pral pare siklòn lan.
- ☐ Konnen plan kont dezas ki fèt nan lekòl pitit ou a oswa gadri.
- ☐ Koupe pyebwa epi konsève bagay ki pa ranje yo. Enstale/teste detektè pou lafimen ou a.
- ☐ Sèvi avèk yon kamera videyo pou filme bagay ou genyen lakay ou epi konsève anrejistreman videyo lakay yon zanmi ki p ap viv nan vil la.
- ☐ Pran foto dokiman enpòtan, fotokopi papye enpòtan yo epi pwoteje yo nan yon bagay ki reziste kont dlo.
- ☐ Fè plan pou pote bèt domestik ou yo avèk ou si ou gen plan pou ale nan yon abri.
- ☐ Jwenn lajan kach.
- ☐ Tabli yon kontak ki pa soti nan rejyon ou a pou rele nan ka ijans.

Fenèt pou Siklòn

Fenèt pou siklòn yo ta dwe tache avèk pati estrikti kay la pa avèk fenèt la oswa pati pòt yo. Enstale fenèt pou siklòn nan dezyèm etaj avèk fenèt pou siklòn kote ki difisil nan premye etaj la. Fè si tout ekipman metal ki sou plas (ki gen ladann vis, lankròt, elatriye) kapab alabri nan tan (korozyon). Toujou swiv enstriksyon ki gen apwopriye yo lè w ap fè enstalasyon fenèt ki bay pwoteksyon ou te chwazi a.

Chwazi Bon Fenèt pou siklòn yo!





	Removable panels	Colonial shutters, Bahama awnings	Accordion shutters	Roll-up shutters	Plywood coverings
Description	Made of steel, aluminum or clear polycarbonate, these are attached to the house with anchors or tracks. Tracks make assembly quicker.	These are two- and one-piece louvered shutters that remain attached to house when not in use.	These one- or two-piece shutters are housed beside the window or door when not in use.	These attach above the window. They roll up and down and store in an enclosed box when not in use.	Most homes built since 1997 came with storm panels or other coverings. If your home is older and storm panels or shutters are out of your price range, consider plywood.
Pros	After plywood, they are the least expensive window covering. Clear plastic panels, the most expensive of the three types, bend and pop back into place. Many of the thinner panels, such as the 0.04- and 0.05-inch aluminum panels, now meet hurricane codes.	Convenient because they stay mounted, so you need only fold them in before a storm. Colonial shutters fold in from the sides; Bahama awnings hinge at the top.	Strongest and permanent. Convenience and speed of installation. Made from aluminum, they also are good for sliding glass doors and large patio openings. Some can be opened from the inside.	Easiest and quickest window covering. Some come with features such as timers or motion sensors that automatically close when winds reach a certain speed.	Inexpensive and adequate for up to 140-mph winds. If money is a factor, you can build over several months in the off-season rather than making a large one-time purchase.
Cons	Steel panels are heavy – a 10-foot one can weigh up to 30 pounds – making second-story installation dangerous. Some new home builders mount channels in frames but you must remove screening to get to them. Panels take up storage room, although less than plywood.	Heavy tubes and bars needed to meet new codes have made these options harder to install and expensive, although installation is easier with some new aluminum-frame designs. Shutters and awnings can be extremely heavy and bulky. Most Bahama awnings block light.	They fold up compactly, but they are visible year-round. They also need to be serviced, cleaned and lubricated at least once a year. Some warranties and service contracts require maintenance be done by the installer.	The most expensive. Shutters for a 6-foot-wide sliding door, for example, can start at $1,200; if you're using an electric motor, expect to pay as much as $500 more. If you use a motor, make sure you have an override on doors and critical windows, which allows manual cranking in case power fails.	In huge demand at stores just before a storm. Cutting and installing at the last minute increases the likelihood of improper installation. Can come off in high winds and fly like a sail if improperly installed. Bulky to store and can rot and warp, so often a one-time fix only, even if the storm misses. Usually require making holes that need to be patched later.
Prep time	As much as 30 minutes per opening, six hours for a house. Do a 'dry run' now to see how long, and how difficult, the process is. You may also find some of the panels don't fit – something you'll want to fix before it's too late.	15 to 25 minutes per opening, three to four hours for an average home, to lock shutters down. New designs may take only five minutes an opening, including second-floor ones that can be closed from inside.	Each one can be closed in minutes; you can probably do your home in less than an hour.	About an hour to secure your home, and even less with a motor. Some units can be activated by telephone.	Cutting and preparing plywood takes about an hour per window. Once these shutters are prepared, they will still take several minutes to mount per window.
Cost	$5 to $12 per square foot, plus the cost of hardware. Add at least $1.50 to $2 per square foot to have installed.	$35 to $50 per square foot.	$13 to $16 per square foot.	$35 to $50 per square foot.	$19 to $23 per 4-by-8-foot sheet of $^5/_8$-inch-thick CDX plywood. Some experts suggest $^3/_4$-inch CDX, which costs more. Do not use weaker OSB lumber.

Sources: National Oceanic and Atmospheric Administration; Palm Beach County Department of Planning, Zoning and Building; International Hurricane Protection Association; Home Depot; Lowe's; staff research

STAFF GRAPHIC

Preparasyon Jeneral yo

Pandan yon Avètisman

- [ ] Ouvè televizyon oswa radyo epi koute dènye enfòmasyon k ap kontinye yo.
- [ ] Revize plan evakyasyon ou an.
- [ ] Verifye zouti evakyasyon avèk/oswa zouti kont dezas fanmi an genyen yo epi rasanble tout atik ki manke yo.
- [ ] Rantre an kontak avèk manm fanmi yo pou kowòdone preparasyon pou siklòn.
- [ ] Avèti moun ki pa nan zòn ou an ki genyen pou li resevwa w la ou gen pou w evakye.
- [ ] Mete dokiman enpòtan avèk foto nan sachè plastik ki reziste kont dlo.
- [ ] Limen frijidè avèk frizè nan nivo ki pi glase a; louvri yo sèlman lè sa nesesè epi fèmen yo vit.
- [ ] Mete po plastik yo glase oswa bidon dlo.
- [ ] Ranpli bagay dlo pou bwè.
- [ ] Foubi benwa epi plen li avèk dlo; kenbe bokit nou nan men pou nou flòch twalèt.
- [ ] Mete gaz nan machin avèk bonbònn pwopann yo; jwenn gaz pou dèlko.
- [ ] Prepare epi teste dèlko si ou genyen youn (pa sèvi pandan siklòn, gade paj 22).
- [ ] Ranje oswa kouvri atik yo ki pa kapab ranplase yo; retire bagay ki frajil yo lwen fenèt yo.
- [ ] Mete fenèt pou siklòn, si w genyen yo.
- [ ] Retire tibin avèk bouchon vantilasyon an lè tanpèt la ap pwoche.
- [ ] Antre avèk bagay ki deyò yo, aparèy ki sonen lè gen van, drapo, bwat fatra, griy yo, antèn, elatriye.
- [ ] Mare oswa estabilize bato ou.
- [ ] Mete pòtay deyò yo an sekirite.
- [ ] Ranfòse pòt garaj ou.

Fè sa w ap fè an bonè, PA rete tann jiskaske yo fè yon avètisman siklòn.

Itilize **Zouti Rechèch Zòn Evakyasyon** nan **www.ReadyPBC.com** oswa verifye **Gen Konesans Kat Zòn Ou an (nan dènye paj lan)** pou wè si ou nan zòn evakyasyon an.

- [ ] Ale nan chanm ki an sekirite ou si kondisyon yo garanti.
- [ ] Kenbe aradyo osinon Televizyon ki fonksyone-ak batri sou yon estasyon k ap bay enfòmasyon ijans.
- [ ] Kenbe flach avèk ou.
- [ ] Pa louvri pòt oswa fenèt yo, pa menm pou "jis voye je gade".
- [ ] Rete lwen fenèt yo.
- [ ] Pa sèvi avèk griy ki mache avèk gaz oswa dèlko pòtab.
- [ ] Pa sèvi avèk telefòn si li pa vrèman nesesè.
- [ ] Fèmen sèvis piblik yo si otorite yo mande sa.
- [ ] Deploge ti aparèy yo.
- [ ] Pa ale deyò jiskaske siklòn lan pase; van kapab vini kalm epi kòmanse ankò nan nenpòt ki lè. Fè atansyon avèk gwo van siklòn yo souvan anjandre.

Si lakay ou andomaje pandan siklòn nan:

- [ ] Rete lwen fenèt yo epi pòt yo menm si yo kouvri.
- [ ] Pran refij nan yon ti chanm andedan, plaka oswa koulwa.
- [ ] Fèmen tout pòt ki andedan yo.
- [ ] Mare epi mete pòt deyò yo an sekirite.
- [ ] Si ou nan yon kay de (2) etaj, ale andedan yon chanm premye etaj la, tankou yon twalèt oswa yon plaka.
- [ ] Si ou nan yon edifis plizyè etaj epi ou pa tou pre dlo, ale nan premye oubyen dezyèm etaj yo epi pran refij nan chanm andedan lwen fenèt yo.
- [ ] Kouche atè an anba yon tab oswa yon lòt bagay ki solid.

Ranseye ou:

Renmen nou sou Facebook **PBCDEM**

Swiv nou sou Twitter **@PBCDEM**

Follow us on Instagram **@PBCDEM**

Apre Siklon la

PA antre soti deyò egzakteman nan lè yon siklòn ap pase a. Plis blesi avèk lanmò rive aprè yon evènman gwo siklòn pase a tankou yon rezilta move tan.

Sekirite Wout

- [ ] Kondwi danjere anpil avèk debri siklòn sou wout yo, limyè sikilasyon yo pa mache, pano yo tonbe atè, dlo inonde yo avèk fil kouran yo ki detache.
- [ ] Pa kondwi si li pa nesesè. Kondwi dousman epi vanse nan tout kafou avèk anpil prekosyon. Jere kafou yo avèk limyè sikilasyon ki manke/ki pa mache oswa pano estòp ki pa la menm jan avèk pano estòp kat fason yo.
- [ ] Pa janm kondwi sou wout ki inonde. Pwofondè dlo a pa toujou egzat. Epitou, ma dlo nan wout la pa kapab entak anba dlo inondasyon an.
- [ ] Si w gen danje inondasyon epi machin ou an kale, kite li byen vit epi chèche yon teren ki pi wo. Dlo an kapab monte byen vit kapa ale ak machin lan avèk moun ki ladan yo, epi ale avèk yo.
- [ ] Pa vizite zòn dezas yo. Prezans ou kapab nwi operasyon ijans yo.
- [ ] Respekte kouvrefe an. Yo obligatwa epi yo pral re-evalye yo chak jou. Nenpòt moun ki soti pandan kouvrefe yo kapab jwenn arestasyon.
- [ ] Lè yon limyè sikilasyon retounen an fonksyon, li kapab flache wouj oswa jòn. Chofè yo ta dwe kanpe lè limyè a flache wouj epi kontinye avèk prekosyon lè li flache yon limyè jòn.
- [ ] Si gen blakawout epi siyal la etènn, kafou an ta dwe konsidere tankou yon kafou kat pano arè.

Antre ankò

GEN PASYANS. Ou p ap kapab retounen lakay ou ousinon nan biznis ou jiskaske yo fin fè rechèch avèk operasyon sekou yo epi tout tan yo pa elimine danje sekirite, tankou fil kouran ki tonbe. Li kapab pran tan pou yon ekip ijans rive nan katye ou.

Lis Verifikasyon Re-antre

Rezidan yo: - Gen Pyès Idantite ki valid avèk adrès ou gen kounya, oswa prèv rezidans (kontra lwaye/ sètifika).
Biznis yo: - Gen yon papye ak foto Idantite valid, dokiman ki montre prèv posesyon/lokasyon, lisans taks konte an, non moun ki gen otorizasyon sou papye biznis la.

Lè ou rive, verifye domaj ki deyò yo, aprèsa a, antre avèk prekosyon.

- Mete soulye ki solid epi pa antre si gen dlo nan alantou edifis lan.
- Si ou santi yon edifis pa an sekirite, pa antre epi rele yon kontraktè oswa enjenyè.
- Verifye gaz, dlo avèk aparèy elektrik pou domaj.
- Verifye dega dlo ki soti nan twou egou avèk tiyo dlo yo fè. Pa sèvi avèk yo si ou panse yo andomaje.
- Louvri fenèt yo avèk pòt yo pou fè van antre epi seche lakay oswa biznis ou.
- Si ou sispèk gen yon fwit gaz, soti byen vit epi rele 911 oswa founisè gaz natirèl ou an nan yon kote ki an sekirite.
- Si kay ou oswa biznis ou te inonde, chèche yon elektrisyen lisansye ki kalifye pou enspekte sistèm elektrik la avèk aparèy yo anvan ou voye kouran nan kay la.
- Fè kontak deyò vil ou an konnen ou byen.
- Kontinye koute Radyo NOAA Weather oswa radyo lokal avèk estasyon televizyon pou enstriksyon yo.
- Itilize flach nan fènwa; PA itilize balèn.
- Dlo ki gaye yo kapab kontre avèk fil kouran ki pase anba tè oswa ki tonbe.
- Pa bwè oswa prepare manje avèk dlo tiyo jiskaske ou konnen li pa kontamine.
- Sèvi avèk telefòn nan pou rapòte ka ijans ki menase lavi w sèlman.
- Evite fil elektrik ki lach oswa ki pandye epi bay rapò sou yo.
- Fè atansyon avèk bèt yo, espesyalman koulèv ki gen pwazon ki kapab antre nan yon edifis ki inonde.

American Red Cross

Sekirite Dèlko

Dèlko pòtab yo itil lè ekipman elektrik tanporè oswa adistans yo nesesè, men yo kapab yon danje tou. Toujou swiv enstriksyon ki mache avèk dèlko ou.

Anba la a se kèk konsèy sou dèlko:

- [ ] Asire w ou genyen bon fil yo avèk plòg pou konekte nan priz yo.
- [ ] Pa ranpli bonbòn gaz la anvan siklòn la (l ap gate epi danjere nan yon garaj cho).
- [ ] Si dèlko ou mache avèk yon batri nan plas yon kòd pou rale, asire w batri a rete chaje.
- [ ] Pwoteje dèlko a avèk kontak dlo, epi pa kite anyen jennen sikilasyon lè a ki la pou li refwadi motè dèlko an.

Danje Monoksid Kabòn

PA JANM itilize yon dèlko andedan, tankou kay yo, garaj yo, espas kwense, epi lòt kote ki fèmen, menm avèk vantilasyon. Monoksid kabòn se yon gaz san koulè, gaz san odè ki difisil pou wè. Ouvè pòt yo ak fenèt yo oswa itilizsyon vantilatè yo p ap anpeche akimalsyon KABÒN (CO) nan. Mete deyò epi lwen pòt yo, fenèt, epi fant yo. Enstalasyon alam KABÒN (CO) nan kay ou epi teste yo souvan.

Risk chòk Elektrik

PA JANM eseye itilize yon kab kouran ki sòti nan dèlko pandan w ap ploge li nan yon priz ki nan kay la, pratik sa yo rele li "retroalimantasyon" Sa a se yon pratik ki gen anpil danje ki prezante yon risk elektwokisyon pou travayè sèvis piblik ak vwazen yo ki sèvi ak menm transfòmatè sèvis piblik lan.

Risk pou mete Dife

PA JANM konsève gaz pou dèlko nan kay lan. Sere likid ki kapab pran dife yo deyò zòn kote ki gen vi nan veso ki make, veso ki byen make ki an sekirite anvan siklòn lan rive.

Avan w mete gaz nan dèlko an, fèmen li epi kite li frèt. Gazolin ki tonbe sou pyès ki cho kapab mete dife.

Pwogram Do Kay Ble (Blue Roof Program)

US Army Corps of Engineers aplike pwogram do kay ble an sou non Ajans Federal Jesyon Risk (Federal Emergency Management Agency (FEMA). Operasyon Do Kay Ble bay pwopriyetè kay yo ak kouvèti plastik tanporè ble gratis pou pou kay kalifye ki te domaje nan yon siklòn.

Pwogram sa a pèmèt viktim yo tounen nan kay yo konsa pou yo kapab retounen nan aktivite regilye yo pi vit posib. Aprè yon siklòn, zòn enskripsyon yo pral tabli nan konte a. Moun k ap enskri yo dwe ranpli yon aplikasyon epi siyen yon fòm dwa pou rantre.

Corps an pral bay moun kontra pou enstale tòl plastik nan kay aplikan ki te pre-kalifye yo. Tòl yo se pou kay endividyèl, pa apatman oswa etablisman kòmèsyal. Tòl lan pa kapab enstale sou twil oswa do kay ki plat. **Pa gen okenn pwela endividyèl ki disponib pou distribisyon nan zòn enskripsyon an.**

RELE GRATIS NAN 1-888-ROOF-BLU (1-888-766-3258)

Mete Pisin Ekspozeyo an Sekirite

(Kòd la kapab chanje selon komin ou an)

Kòd Konte a egzije baryè alantou tout pisin yo; echèk nan konfòmite lwa sa a kapab lakòz yon amann ki rive jiska $ 1,000 pou chak jou. Pou bloke tanporèman zòn pisin nan, mèt pwopriyete an kapab itilize baraj an plastik koulè jonabriko pikèt oswa poto fè (poto pou mare) ki plante nan tè. Kòd oswa riban plastik pa kapab itilize. Baryè tanporè yo dwe omwen kat (4) pye soti nan tè a ki pa gen okenn twou oswa twou ki pi laj pase kat (4) pous. Pou plis enfòmasyon, rantre an kontak avèk Aplikasyon Kòd (Code Enforcement) nan **561-233-5500.**

Reparasyon Fenèt

(Kòd la kapab chanje selon komin ou an)

Repare fenèt ki kase yo pi vit ou kapab aprè yon siklòn. Selon kòd konte an, vè kristal se sa yo mande nan fenèt yo. Tou swit aprè yon siklòn, aplikasyon kòd pral kite ase tan pou rezidan yo pou yo repare fenèt ki kase yo.

Netwayaj Lakou an

Objektif Jeneral Tòl yo

Tòl ki pa pran dlo polietilèn gwo kalib epi ki solid anpil yo disponib nan kenkayri. Yo gen arebò ki koud pou plis fòs epi ti twou won an aliminyòm. Tòl ble sa yo kapab itilize tanporèman sou yon do kay ki domaje men yo pa kapab konte sou yo pou bay pwoteksyon pandan yon siklòn.

Netwayaj Lakou an

- Tanpri rete pasyan.
- Pran anpil prekosyon si w ap itilize yon si elektrik pou koupe pyebwa ki tonbe yo.
- Kenbe fatra ki sòti nan kay la, resiklaj epi debri pye bwa epi /oswa konstriksyon nan pil separe.
- Mete tout fatra nan kay la nan yon bagay an sekirite pou yo mete sou twotwa nan jou pa w la.
- Pa mete okenn fatra toupre oswa sou yon kloti, bwat pou lèt, ekipman liy elektrik, poto kouran, transfòmatè, fil elektrik ki tonbe, kontè dlo oswa drenaj siklòn.
- Konnen kisa règleman asirans pwopriyetè kay ou an oswa lokatè ou an kouvri ak sa w pral bezwen pou soumèt yon reklamasyon. Pran foto tout domaj yo anvan w fè reparasyon epi kenbe tout resi yo.
- Fè reparasyon tanporè pou korije risk sekirite epi minimize plis domaj.
- Rantre an kontak avè depatman edifis lokal ou an pou enfòmasyon sou egzijans pèmi edifis lan. Pèmi yo toujou obligatwa pou nenpòt kalite demolisyon oswa reparasyon pèmanan, rekonstriksyon, kouvri do kay, oswa ranplisaj.

Ranseye ou:

Renmen nou sou Facebook **PBCDEM**

Swiv nou sou Twitter **@PBCDEM**

Follow us on Instagram **@PBCDEM**

Enskri pou Alèt Ijans yo!

Enskri pou ALERTPBC pèmèt nou alète ou lè gen pwoblèm sekirite piblik nan kominote w la tankou kondisyon metewolojik ki danjere ak alèt minisipal. Lè nou bay yon notifikasyon sou yon potansyèl danje sekirite oswa enkyetid, ou pral resevwa yon mesaj pa vwa oswa tèks nan metòd kominikasyon ke ou te anrejistre a.

ALERTPBC
Palm Beach County's Emergency Notification System

NÒT: Enfòmasyon ou bay yo pwoteje epi yo p ap itilize yo pou nenpòt lòt rezon.

Radyo ak Televizyon

LIVE

Difizyon An Dirèk sou tout aparèy

Gade Chèn televizyon PBC-20 pou seyans nouvèl ak enfòmasyon. Toujou koute NOAA Radyo Meteyo oswa estasyon radyo oswa televizyon lokal pou enstriksyon yo.

Rezo Sosyal

Renmen nou sou Facebook **PBCDEM**

Swiv nou sou Twitter **@PBCDEM**

Follow us on Instagram **@PBCDEM**

Telechaje | Dezas PBC Sansibilizasyon & DART zouti Rechèch

PBC Disaster Awareness & Recovery Tool
DART

Telechaje nan magazen pou aplikasyon:

GET IT ON Google Play

Download on the App Store

Aplikasyon DART: Zouti Rekiperasyon epi Konesans Dezas Konte Palm Beach pou telefòn entelijan ou an genyen zòn evakyasyon, estati abri pwovizwa ki louvri/fèmen, enfòmasyon sou evalyasyon domaj, epi anpil lòt konfigirasyon pou ede w pandan yon dezas.

American Red Cross

THE SALVATION ARMY

CERT COMMUNITY EMERGENCY RESPONSE TEAM

United Way

medical reserve corps

Mit Siklòn yo AK Kesyon yo Poze pi Souvan yo (FAQ)

1. Sa p ap jan rive la!
Sa gen anpil chans se sa moun nan New Orleans, Homestead, ak Keys yo te di. Men, tout kot la soti nan Texas rive Maine ekspoze anpil ak siklòn!

2. Fenèt mwen yo pare. Mwen mete tep ladan yo.
Mete tep nan fenèt yo pou anpeche yo kase oswa limite kantite eklatman se pa yon fòm efikas pou pwoteje fenèt epi kapab kreye mòso glas nan lè an si fenèt la kraze. Pwoteksyon Fenèt yo te fèt ak playoud pous 5/8 oswa metal epi tache kòrèk kapab amelyore chans pou lakay ou an siviv enpak yon siklòn.

3. VMwen pral louvri fenèt yo sou bò ki kontrè ak van an pou presyon lè an pa eklate kay mwen an.
Pi bon fason an pou kenbe kay mwen an sekirite se pou kenbe van an DEYÒ! Etid yo montre ouvèti yon fenèt kapab ogmante kantite domaj van an ap fè. Lè yon siklòn menase pou frape, kenbe kay ou an byen fèmen.

4. Poukisa mwen ta dwe prepare kay mwen an? Lè gwo an vini, li pral detwi nande tout fason.
Pandan yon van siklòn kapab detwi menm estrikti ki pi solid lan, pran kèk prekosyon debaz kanmenm ki kapab diminye domaj yon siklòn. Foto zòn yon siklòn devaste yo montre souvan yon kay ki kanpe pandan kay yon vwazen an kraze. Diferans lan? Mèt kay la an bon eta a te pran kèk prekosyon debaz pou pwoteje pwopriyete yo an. Fèmen fenèt yo, ranfòse garaj epi pòt antre epi pran materyèl ki nan lakou kapab fè diferans ant destriksyon epi domaj minè.

5. Vag siklòn lan se sèlman 9 pye maksimòm epi apatman mwen an se nan yon etaj ki anwo li ye, kidonk m ap rete an plas pandan siklòn lan.
Evakyasyon vètikal, oswa monte nan etaj anwo yon edifis pou chape vag siklòn, se yon opsyon. Poutan, vitès van an ogmante toutotan ou monte pi wo, kidonk ou gen plis chans pou evakye nan yon zòn ki pi danjere. Si se sa, gwo van ak dlo kapab fè li prèske enposib pou w resevwa asistans aprè pasaj siklòn lan.

6. Lè mwen gen lòd pou mwen evakye, m ap ale. Pa gen okenn tè ki wo isit la, epi li pral pi an sekirite kote ki lwen kòt la.
Menm ak litoral longè Konte Palm Beach a, se pa tout zòn tou pre kot yo ki sijè evakyasyon. An reyalite, nan kèk kote, rezidan plaj yo bezwen vwayaje pa plis pase yon kilomèt pou ale nan zòn ki an sekirite yo. Vwayaje yon bon distans pou chape anba efè siklòn la kapab mete ou aktyèlman an danje si ou vin bloke nan sikilasyon evakyasyon lè siklòn la tou prè. Epitou, plis ou ale lwen lè w ap evakye an, se plis tan l ap pran w pou vini la epi pou retounen nan kay ou aprè siklòn la.

7. Èske gen ase abri pou moun si yon siklòn kategori 4 oswa 5 menase nou?
Wi. Etid yo te montre mwens pase 10 pousan nan moun ki nan zòn evakyasyon ale nan abri lokal yo. Nan Konte Palm Beach, nou gen espas pou omwen 55,000 moun k ap viv nan yon zòn evakyasyon. Si moun yo pa viv nan zòn evakyasyon yo oswa kay mobil oswa fabrike yo oswa lojman ki pa estanda yo, yo pa bezwen ale nan abri pwovizwa yo epi ta dwe fè plan pou swa kite konte an, oswa rete lakay yo oswa rete avèk zanmi yo.

8. Èske mwen ta dwe evakye pandan yon siklòn 4 oswa 5?
Evakyasyon obligatwa yo bay pou moun k ap viv nan zòn bò lanmè a epi zile ki sèvi baryè pou dlo an kapab inonde; kay mobil/fabrike yo kèlkeswa zòn nan; epi moun yo k ap iv nan lojman ki pa gen estanda yo. Nou ankouraje moun yo pou yo "kouri pou dlo epi kache pou van".

Evakyasyon pa obligatwa oswa rekòmande pou moun k ap viv lwen kòt la oswa pou moun k ap viv nan kay ki solid. Rete lakay ou epi pa ale sou wout yo. Se poutèt sa nou ankouraje moun pou yo gen yon Twous Pwovizyon pou Ijans ki ase. Si ou gen plan pou kite konte a, ou dwe kite bonè, omwen twa a senk jou anvan yon tanpèt projete pou frape.

9. E si mwen pa ka kondwi e bezwen transpò pou soti nan konte a?
Si w ap viv nan yon zòn evakyasyon, kay mobil, oswa lojman ki pa estanda epi ou pa gen transpò, se pou w rele **561-649-9848** oswa **877-870-9849** (gratis) pou w ka enskri avèk pwogram Palm Tran Koneksyon pou Asistans Transpò Espesyal (Palm Tran Connection for the Special Transportation Assistance) la.

Y ap mete ou sou yon lis epi lè yo bay lòd evakyasyon yo, y ap kontakte w epi y ap ba ou transpò pou rive nan abri konte ki pi pre a. Nou pa bay transpò soti nan konte a oswa pou moun ki pa satisfè kritè ki anwo yo.

10. Èske Konte Palm Beach la prepare?
Wi. Plan repons ak rekiperasyon pou siklòn nou yo gen anpil eksperyans epi anplwaye nou yo prepare. Konte a ak vil yo devlope yon repons byen kowòdone pou bay sekirite piblik ak sèvis sante nan zòn ki afekte nan yon siklòn. Reprezantan Florida Power and Light yo nan Sant Operasyon Ijans (EOC) epi konte a kowòdone restorasyon kouran avèk yo.

Reprezantan ajans repons eta ak federal yo pral loje nan EOC a anvan, pandan, ak apre tanpèt la pou ede nou. Nou gen yon staf devwe ki gen pou sèl objektif sove lavi ak pwoteje pwopriyete apre yon tanpèt epi pou retounen nou nan operasyon konplè san pèdi tan.

Nimewo Telefòn Enpòtan yo

*** Ijans 911**
*** Sekirite Piblik 561-712-6400**
*** Aparèy telekominikasyon pou Moun ki pa tande byen (TDD) 561-712-6343**
*** Asistans Liy Telefonik Siperyè (Senior Helpline). 211**
Swen ak Kontwòl Bèt 561-233-1200
Kwa Wouj Ameriken 561-833-7711
Aplikasyon Kòd (Code Enforcement) 561-233-5500
Zafè Konsomatè 561-712-6600
Ajans Federal Jesyon Risk (FEMA) 800-621-3362
Ponpye Sekou - Ki pa gen Ijans 561-616-7000
Pann Kouran elektrik FPL 561-697-8000
Palm Tran. 561-841-4200
Sèvis Liy Telefonik ogmantasyon pri 866-966-7226
Depatman Zafè Piblik 561-355-2754
Travay Piblik 561-684-4000
Wout, Drenaj, Sikilasyon 561-684-4018
Lame Sali 561-686-3530
Sheriff (PBSO) – Ki pa gen Ijans 561-688-3000
Otorite Dechè Solid 561-640-4000
United Way. 561-375-6600
* Sèvis Dlo Piblik PBC 561-493-6000

* Verifye bòdwo dlo ou pou w konnen kiyès ki founisè w.

Sit Entènèt Gouvènnman

Konte Palm Beach gen plizyè resous pou li genyen bon jan enfòmasyon epi enpòtan. Divizyon Jesyon Ijans jere sit entènèt www.ReadyPBC.com lan.

www.ReadyPBC.com | www.PBCgov.com

Vizite nou pou enfòmasyon sou:

- Kòman pou fè yon plan epi fè yon twous ekipman pou dezas
- Estati abri pwovizwa, magazen, eatasyon gaz ki tou prè ou yo
- Zouti pou ede w Gen Konesans Zòn ou an
- Biznis ak wout fèmen / ouvèti
- Evakyasyon
- Aktyalite
- Enfòmasyon sou Ayewopò PBI an
- Abri
- Tablo Swivi Siklòn
- Avi ki cho
- Kouvrefe
- Enfòmasyon FPL - restorasyon kouran elektrik
- Leve Fatra
- Sèvis Transpò Piblik
- Sistèm pou ranmase Fatra/Twou ego
- Epi plis ankò!

Manje — Semèn 1

- ❒ 1 Galon dlo pou chak moun-n pa jou pou pi piti 5 jou, pou bwè ak sanitasyon
- ❒ Pen sandwich *(glase pou jous ou bezyen)*
- ❒ 3 Bwat pou enèji rapid *(tankou, granola ba oswa rezen chèch)*
- ❒ 2 Bwat soup tou prepare pou manje
- ❒ 1 Bwat bonbon
- ❒ Sereyal chèch
- ❒ 4 Bwat fwi
- ❒ 5 Bwat viann
- ❒ 4 Bwat vegetab
- ❒ 1 bokal konfiti
- ❒ 1 gwo bwat ju
- ❒ Kafe rapid/Te/ju an poud

Dlo

Wap bezwen dlo pou bwè, fè manje, ak pou benyen. Sere ase boutèy dlo pou tout manb nan fanmi ou ak bèt ke ou genyen avan yon tanpèt. Dlo pwop ou ka itilize pou benyen ak lave veso wap jwenn nan aparèy chofaj dlo ou la.

Depo — Semèn 2

- ❒ 2 gwo bwat sak plastik ki gen zip
- ❒ Plastik vlope
- ❒ 2 woulo papye aliminyòm
- ❒ Diferan koule resipyan plastik ak kouvèti
- ❒ 3 Bwat devwa-lou pou fatra
- ❒ Resipyan plastik ki gen kouveti e ki enpèmeyab

Prezeve Manje ak Dokiman Enpòtan

Ou ka pa gen kouran pandan plizyè jou aprè you tanpèt, poutèt sa fè plan pou blakawout. Epi, itilize resipyan ki enpèmeyab pou pwoteje papye enpòtan ou.

Palm Beach County
Public Safety Department
Emergency Management Division

www.pbcgov.com/dem

Palm Beach County
Board of County Commissioners

An akò avèk dispozisyon ki nan Lwa ADA-a, Liv sa a kapab disponib nan yon lòt fòma. Kontakte Jesyon Ijans nan (561) 712-6400

August 2013

Pwovizyon Dijans
Lis Bagay pou Achte

Tout moun bezwenpou prepare yo pousitiyasyon ka ijans, men fè makètpou materyèlkapabchè edifisil. Fè makèt pou atikyo ti kras pa ti kras nan momananvanyon evènman, ka redwi estrèsla nan rekiperasyonnan eviteliy ki longak etajèvid.

Pran Devan e Prepare w

Sante & Premye Swen — Semèn 3

- ❒ 1 Boutèy Chanpou
- ❒ 1 Bwat ti sèvyèt sanitèmouye pou men / likid
- ❒ Yon gwo tib pat pou brose dan
- ❒ Antiseptik
- ❒ Deodoran
- ❒ Pensèt
- ❒ Bandaj adesif, diferan gwòsè
- ❒ Woulo twal gaz oswa pansman
- ❒ Idwojèn oksijene
- ❒ Liv premye swen
- ❒ Adesif premye swen
- ❒ Petwòl jele
- ❒ Alkòl fwote

Premye Swen

Pandan yon tanpèt, telefòn ak liy elektrik ka tonbe. Akoz kondisyon metewolojik danjre yo ka anpeche otomobil kadijans pou reponn ak yon sitiyasyon ijans. Preparasyon pou tèt ou ak fanmi ou ak CPR e fòmasyon pou Èd Premye Swen kapab sove lavi yon moun ou renmen.

Netwayaj & Materyel — Semèn 4

- ❒ 2 pake kiye fouchèt kouto, gode papye, plat an papye
- ❒ Sèvyèt pou figi *(tankou Kleenex)*
- ❒ 2 woulo sèvyèt an papye
- ❒ 4 Woulo papye ejenik
- ❒ Savon likid pou lave veso
- ❒ Solisyon pou repouse ensèk
- ❒ Alimèt
- ❒ 2 pè gan latèks
- ❒ Bale, mòp ak yon bokit
- ❒ Kloròx likid ki pa gen sant

Itilize sa ou Genyen

Anpilye anpil bagay pou swen pèsonèlak atiknet-wayaj. Tcheke pwovizyonou kounye a pouasire w ke ougen pwovizyon sa yo. Pa bliye Plat plastik, kèpak kiyè fouchèt kouto, sèvyèt papye, akpapye twalèt. Prodwi pou repouse moustikakkrèm pou pwotèje ou kont solèydweenkli ladan li. Si ou genyon bon kou materyèl nan men ou, ou pa pralbezwen achteyolè oual fè makèt.

LIS BAGAY POU FÈ
Anvan Sezon an Kòmanse

- ❒ Fè yon plan pou fanmi. Ki moun ki fè sa ak ki kote fanmi ou pral pase move tan an
- ❒ Jwenn kontè dlo ou ak arè otomatik elektrik ou a ye
- ❒ Konnen plan dezas la nan lekòl pitit ou a oswa gadri
- ❒ Koupe tèt pyebwa-yo e mete nan depo bagay ki lib yo
- ❒ Enstale / teste detektè lafimen ou
- ❒ Sèvi ak yon kamera videyo tepe sa ki nan kay ou ak videyo e sere li ak yon zanmi ki abite nan yon lòt vil
- ❒ Fotokopi papye enpòtan e mete yo nan depo san danje
- ❒ Fè plan ki kote wap mete bèt nan kay ou si ou planifye pou yo ale nan yon abri
- ❒ Jwenn lajan kach oswa chèk vwayaj
- ❒ Etabli yon kontak nan yon lot eta pou ka rele nan ka ijans

Kenbe nanyon resipyan potab ki enpèmeyab

- Testaman, papye asirans, kontra, papye te, aksyon ak bonn
- Paspò, kat sosyal sekirite, kat vaksen
- Nimewo kont
- Nimewo kat kredi ak konpanyi yo
- Yon envantè tout bagay ki gen valè, nimewo telefon enpòtan
- Dosye fanmi ou *(batistè, mariaj, ak desè)*



Medikaman — Semèn 5

- ❒ Genyen ekstra medikaman doktè preskri ou
- ❒ Aspirin ak / oswa asetaminofèn
- ❒ Medikaman pou dyare
- ❒ Vitamin pou granmoun
- ❒ Tèmomèt

Abri Pou Bezwen Espesyal

Konte a gen Abri Pou Bezwen Espesyal sèlman pou moun ki gen yon kondisyon fisik ki bezwen swen medikal oswa lòt èd ke yo pa kapab jwenn nan lòt abri pou popilasyon jeneral la. Moun sa yo dwe kapab dòmi san danje sou yon kabann oswa matla ki satisfè youn nan kritè sa yo:

- **Bezwen swen ou asistans medikal avèk medikaman oubye pou administre swen**
- **Siveyans siy vital oswa kondisyon medikal oswa aktivite chak jou, men se pa bezwen entène lopital**
- **Bezwen konstan kouran elektrik pou ekipman medikal**

Ou fèt pou ou anrejistre davans pou moun ki bezwen itilize abri espesyal sa yo.

Pou anrejistre rele: (561) 712-6400.

Zouti Komen — Semèn 6

- ❒ Yon radyo ki mache ak pil
- ❒ Flash
- ❒ Pil pou flash
- ❒ Diferan epeng tache
- ❒ Sizo
- ❒ Tonn vis
- ❒ Pens
- ❒ Vasgrip
- ❒ Mato(s)
- ❒ Gan pou travay lou
- ❒ Recho gaz, chabon, brikè
- ❒ Kouto kan oswa kouto itil
- ❒ 1 Bwat mas pou pousye
- ❒ Gwo linèt sekirite plastik

Rete Branche

Medya lokal yo se sous prensipal ou nan enfòmasyon pandan dezas. Yo travay avèk Sant Operasyon Ijans pou bay enfòmasyon resan ki ka kenbe ou an sekirite. Asire ou ke ou gen yon radyo ki mache ak pil, epi asire ou gen ase pil. Rete enfòme osijè kondisyon meteyo, danje, wout fèmen, kouvrefe, ak kote sant sekou yo ye.

Zouti Lou — Semèn 7

- ❒ Playoud ak klou pou kouvri fenèt kay ou
- ❒ Pwela, twal pou fè reparasyon do-kay pou yon ti tan
- ❒ Goyin ak oswa goyin elektrik ak gaz
- ❒ Diferan klou
- ❒ Klou pou bwa
- ❒ Rach
- ❒ Levye

Sekirite

Pifò moun ki blese akoz yon siklonn se moun ki ap netwaye debri. Mete kouvèti apwopriye pou sekirite, asire w ke ou konnen ki jan yo byen sèvi ak zouti yo ak machin epi pa janm travay pou kont ou. Li ta pi bon ou anboche pwofesyonèl kalifye ak asirans fè kèk nan travay yo.

Materyel Espesyal — Semèn 8

- ❒ Manje espesyal pou rejim espesyal
- ❒ Ekstra pil pou aparèy zòrèy ki ede moun tande
- ❒ Materyèl pou pran swen dan
- ❒ Linèt siplemantè oswa founiti lantiy kontak
- ❒ Yon galon dlo pou chak animal
- ❒ Kòd oswa bagay pou pote bèt
- ❒ Manje pou bèt
- ❒ Manje pou bebe
- ❒ Kouchèt
- ❒ Sèvyèt mouye pou bebe

Kisa Ou Bezwen

Sèl ou menm ki konnen ki sa ougen bezwen. Gen kèk fanmi ki pral gen materyèl espesyal pou ajoute sou lis ka ijans yo. Sa yo enkli manje ti bebe ak atik pou pran swen bebe avèk atik pou bèt kay yo. Asire ou ke ou gen pil rezèv pou aparey ki pou ede ou tande ak yon pè linet rezèv. Sonje bèt kay yo pa gen dwa nan abri jeneral. Si w ap viv nan yon zòn evakyasyon, ou ka fè rezevasyon pou bèt lakay ou davans lè ou rele nan **(561) 233-1266.**

pbcgov.com/publicsafety/animalcare

Pwodwi Entelijan — Semèn 9

- ❒ Pil pou lanp ou
- ❒ Lanp ki mache ak pil
- ❒ Recho potab pou kan
- ❒ Video ak kamera

Pwopriyete w la

Anvan sezon siklòn nan, fè yon envantè konplè sou bagay ou ki gen valè ak pwopriyete pèsonèl ou. Mete dokiman enpòtan yo ak bagay ki gen valè nan yon kote ki an sekirite ki pap mouye. Si ou evakye, pran yo avèk ou si ou kapab. Pran yon envantè foto anvan tanpèt la e pran foto de nenpòt domaj apre tanpèt la pou ajistè asirans ou. Asire w ke ou yo byen asire e konprann tout kondisyon sa yo nan regleman asirans ou anvan ou nan yon dezas. Sa a pral ede w evite sipriz apre tout bagay finn pase.

Pwodwi Itil — Semèn 10

- ❒ Jwèt ak aktivite pou timoun/fanmi
- ❒ Ekstra pil pou radyo
- ❒ Yon kat local ak eta
- ❒ Galon pou gaz

Gen Pasyans

Domaj apre yon siklòn se pa bagay moun kapab prevwa. Li ka pran plizyè jou, nan kèk ka, plizyè semèn pou retabli elektrisite. Travayè yo pral konmanse travay pi vit ke yo kapab klè wout pou retabli sèvis yo. Pran pasyans. Fè plan pou siw pa gen kouran, telefòn, dlo, ak televizyon. Prepare aktivite sou men pou fanmi ou. Sonje ke tout moun nan kominote a ap fè eksperyans menm dezas la. **PA AL PLEBE BAT KÒW.** Travay ansanm epi edevwazinaj ou.

Sekirite Chakjou — Semèn 11

- ❒ ABC Ponp pou etenn dife
- ❒ Detektè pou lafimen
- ❒ Detektè pou kabon monoksid

Pwodwi Chakjou

Dezas ka rive san avètisman. Li se yon bon lide yo gen atik pou katastwòf sou men pandan tout ane a. Asire ou ke ou toujou gen yon aparèy pou etenn dife ki travay, detektè lafimen, ak yon aparèy pou detek-te kabòn monoksid. Bagay sa yo sove lavi ak diminye domaj sou pwopriyete. Pou diminye ris pou dife pran, **PA SÈVI AK BOUJI.** Pa janm sèvi ak yon dèlko oswa yon recho chabon andedan kay ou oswa andedan garaj ou.



Palm Beach County
Public Safety Department
Emergency Management Division

www.pbcgov.com/dem

Palm Beach County
Public Affairs Department

www.pbcgov.com



Palm Beach County Evacuation Zones

- Zone A - See Text Box Above
- Zone B
- Zone C
- Zone D
- Zone E
- Zone L

Not to Scale

Disclaimer:

"Legal: Palm Beach County is providing this data "as is," and Palm Beach County disclaims any and all warranties, whether expressed or implied, including (without limitation) any implied warranties of merchantability or fitness for a particular purpose. In no event will Palm Beach County be liable to you or any third party for any direct, indirect, incidental, consequential, special, or exemplary damages or lost profits resulting from any use or misuse of this data."

Palm Beach County

GIS Service Bureau

May 28, 2020



Zone A:
Evacuate if you live in a manufactured/mobile home; have substandard construction; or live in a flood-prone area.



IMPORTANT: Not all shelters will be opened at the same time. Stay tuned to local TV and radio for shelter opening announcements.

1. Independence Middle School
   4001 Greenway Dr, Jupiter 33458
2. Palm Beach Gardens High School
   4245 Holly Dr, Palm Beach Gardens 33410
3. Dr Mary McLeod Bethune Elementary School
   1501 Avenue U, Riviera Beach 33404
4. Seminole Ridge High School
   4601 Seminole Pratt Whitney Rd, Loxahatchee 33470
5. West Gate Elementary School
   1545 Loxahatchee Dr, West Palm Beach 33409
6. Forest Hill High School
   6901 Parker Ave, West Palm Beach 33405
7. Palm Beach Central High School
   8499 Forest Hill Blvd, Wellington 33411
8. John I Leonard High School
   4701 10th Ave N, Greenacres 33463
9. Park Vista High School
   7900 Jog Rd, Lake Worth 33467
10. Boynton Beach High School
    4975 Park Ridge Blvd, Boynton Beach 33426
11. Atlantic Community High School
    2455 W Atlantic Ave, Delray Beach 33445
12. Boca Raton High School
    1501 NW 15th Ct, Boca Raton 33486
13. West Boca Raton High School
    12811 Glades Rd, Boca Raton 33498
14. Lake Shore Middle School
    425 W Canal St N, Belle Glade 33430
15. Pahokee Middle School
    850 Larrimore Rd, Pahokee 33476

Risk Shelters
With Evacuation Zones

Shelter
Zone A - See Text Box Above
Zone B
Zone C
Zone D
Zone E
Zone L

Disclaimer:
"Legal: Palm Beach County is providing this data "as is," and Palm Beach County disclaims any and all warranties, whether expressed or implied, including (without limitation) any implied warranties of merchantability or fitness for a particular purpose. In no event will Palm Beach County be liable to you or any third party for any direct, indirect, incidental, consequential, special, or exemplary damages or lost profits resulting from any use or misuse of this data."

Palm Beach County
GIS Service Bureau
May 27, 2020

KONEKTE

Antre >>

Eskane kòd QR la ak kamera telefòn ou pou w abònman nan bilten chak semèn nan Palm Beach County, Count-e-News, pou w rete enfòme.

Konekte avèk nou #PBCGOV

pbc.gov

Konte Palm Beach

Konsey Komisyone Konte yo

May 2024

Konte Palm Beach
Depatman Afè Piblik
301 N. Olive Avenue, Suite 1102
West Palm Beach, 33401
561-355-2754